

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN


Panalungtikan ngeunaan aspék sosial dina naskah drama “Tambélar” karya Dado Tisna mangrupa panalungtikan kualitatif kalawan ngagunakeun métode déskriptif. (Mulyana dina Rita, 2022, kc. 7) nétélakeun yén panalungtikan kualitatif ngagunakeun métode ilmiah pikeun ngungkabkeun hiji fénoména ku cara ngadéskripsikeun data jeung fakta ngaliwatan kecap-kecap sacara gembleng kana subjék panalungtikan.

Métode déskriptif museur kana masalah dumasar fakta nu dilakukeun ku cara obsérvasi, wawancara jeung studi pustaka. Métode déskriptif mangrupa hiji métode panalungtikan anu miboga tujuan pikeun ngagambarkeun réalistik hiji hal sacara objéktif nyaéta ngeunaan objék anu ditalungtik.

Ku kituna, métode déskriptif digunakeun dina ieu panalungtikan pikeun nganalisis jeung ngadéskripsikeun struktur carita, unsur-unsur carita jeung aspék sosial nu aya dina naskah drama “Tambélar” karya Dado Tisna.

3.1 Desain Panalungtikan

Désain panalungtikan mangrupa bagan anu eusina tahapan panalungtikan ti mimiti tatahar nepi ka nyusun laporan atawa kacindekan. Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 123) desain panalungtikan mangrupa prosés atawa rarancang pikeun ngajawab tur ngajéntrékeun pasualan-pasualan dina panalungtikan. Désain anu dipaké dina ieu panalungtikan digambarkeun dina bagan di handap.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data Panalungtikan

Nurutkeun Sugiyono (2013) dina ngumpulkeun data bisa ngagunakeun sumber primer jeung sékundér. Sumber primer nyaéta sumber data langsung anu dikumpulkeun ku panalungtik, sedengkeun sumber data sékundér nyaéta sumber data anu teu langsung dibikeun ku panalungtik, contona ngaliwatan jalma lian atawa ngagunakeun dokumén.

Sumber anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta sumber data primer tina naskah drama “Tambélar” karya Dado Tisna, dina jero naskah drama nu eusina ngagambarkeun kaayaan kahirupan sosial di masarakat. Lian ti éta, ieu panalungtikan gé dideudeulan ku buku-buku anu ngarojong kana panalungtikan.

3.2.1 Idéntitas Naskah Drama “Tambélar”

Naskah drama “Tambélar” ditulis bulan Pébruari 2024 ku Dado Tisna. Dina taun éta kénéh ieu naskah dipagelarkeun ku Sambada (Sanggar Mahasiswa Basa Sunda) Hima Pensatrada dina Poé Manugrahan Riksa Budaya Sunda (RBS). Naskah drama “Tambélar” téh loba pisan anu ngaaprésiasi salian ti masarakat umum, siswa SMA gé aub dina ngaaprésiasi ieu drama.

3.2.2 Pangarang

Dado Tisna lahir di Sumedang, 30 Maret 1990. Mimiti icikibung dina dunia téater taun 2002. Pakasabanna nyaéta sutradara téater, nu ngalatih di téater-téater, pangarang naskah drama, pangarang lagu, jeung aktor téater. Lian ti éta Dado Tisna ogé nu ngadegkeun Barak Téater Bandung. Dado Tisna mangrupa anggota di sababaraha téater, di antarana Téater Sunda Kiwari, Laskar Panggung Bandung, Téater Sénapati Bandung, Studiklub Téater Bandung, jeung Ngaprak Longsér Rancaekek. Kungsi kalibet dina pagelaran téater di kelompok Toneel Bandung, Teater Bel Bandung, Light Theatre, Paguron Teatron, Teater Yudhistira, jeung Teater X. Lian ti éta Dado pernah jadi sutradara di sababaraha téater, di antarana Barak Teater Bandung, Teras Teater, Teater Polos Rancaekek, Teater Senapati, UKM Seni Bamboo Politeknik Praktisi Bandung, UKM Seni Teater Lima Wajah, Teater Awal Bandung, Lisenda Itenas, Teater Tinta Hitam, Ngaprak Longser

Rancaekek, SMA Daarut tauhid, Teater Disabilitas Smile Motivator, jeung Téater Sambada Hima Pensatrada.

Anapon naskah drama hasil karangan Dado Tisna nyaéta “Cermin hati”, “Doa Sang Alam”, “Sajak Boneka dan Lukisan Monalisa”, “Amarta Gugat”, “Tamu Agung”, “Dibalik Indonesia Raya”, “Martha Christina Tiahahu”, “Si Jalak Harupat”, Hanum: Luka adalah Reda”, “Wanoja”, “Hariring Peuting”, “Amara di kemudian nanti”, “Jaka Kelana”, jeung “Kematian Yesus”. Naskah longsér karya Dado Tisna di antarana nyaéta “Longsér Bangbara”, “Longsér Ijab Kabul”, “Longsér Tambélar”, “Longsér Asmara satungtung Méga”, jeung “Longsér Doraka”. Lian ti nulis naskah drama jeung longsér, Dado Tisna ogé nulis naskah nyaéta “Monolog Bobo”, “Monolog Ekskul”, jeung “Monolog Diary Superhero”.

Préstasi nu kungsi dicangking ku Dado Tisna, di antarana sutradara terbaik Festival Drama Musikal Teater Bel dina 2013 jeung taun 2016, Sutradara pinunjul Pasanggiri Monolog Basa Sunda Pamass Unpad taun 2019, nominasi sutradara terbaik Festival Longser Nonoman Toneel Bandung taun 2009, nominasi sutradara pinunjul Festival Drama Basa Sunda Pelajar Teater Sunda Kiwari taun 2017, Juara dua Siliwangi Monologue Event dina acara Teater Lima Wajah taun 2021, 2022, 2023 salaku sutradara, Juara dua festival monolog nasional ISBI Aceh taun 2021 salaku sutradara, Juri FLS2N tingkat Kota Bandung lomba Monolog, juri FTBI lomba Borangan, Juri Bem cup Unpas lomba Musikalisasi puisi jeung Musik Akustik, Juri Lomba pencarian Politeknik kesehatan Bandung, jeung Narasumber workshop penyutradaraan téater, penulisan naskah téater jeung pemeranan téater.

3.3 Téhnik Ngumpulkeun Data

Sugiyono (2013), nétélakeun yén téhnik panalungtikan nyaéta salah sahiji tarékah anu dilakukeun kalawan ngagunakeun métode anu tangtu, sangkan anu dipiharep dina hiji panalungtikan bisa kahontal. Téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta talaah pustaka. Talaah pustaka mangrupa téhnik pikeun nyangking informasi atawa data tina buku, jurnal ogé dokumén-dokumén nu ngandung informasi nu beunang dipercaya. Téhnik talaah pustaka digunakeun pikeun maluruh informasi dina naskah drama “Tambélar” karya Dado

Tisna. Léngkah-léngkah ngumpulkeun data nyaéta: 1) nangtukeun sumber; 2) maca naskah drama; 3) nganalisis struktur carita, struktur naskah, jeung aspék sosial nu aya dina naskah drama “Tambélar”.

3.4 Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data mangrupa téhnik dina nganalisis data nu geus aya. Téhnik ngolah data dilakukeun sabada panalungtik miboga data-data. Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan ngagunakeun téhnik analisis, ngaliwatan ieu téhnik analisis dipiharep struktur carita, struktur naskah jeung aspék sosial anu aya dina naskah drama “Tambélar” karya Dado Tisna bisa didéskripsikeun kalawan jéntré ogé jelas.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nyaéta hiji alat anu digunakeun pikeun ngukur fénoména alam jeung sosial anu diperhatikeun sacara taliti (Sugiyono, 2013). Instrumén panalungtikan digunakeun pikeun ngalancarkeun dina prosés ngumpulkeun data. Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta kartu data, tujuanna sangkan dina maluruh struktur jadi leuwih babari, ieu kartu data dieusian luyu jeung data anu dipaluruh.

3.5.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Ieu di handap mangrupa tabél pikeun cutatan-cutatan nu nyampak dina eusi carita.

Tabél 3.1 Struktur Carita (Téma)

No.	Téma	Cutatan	Kode Data

Tabél 3.2 Fakta Carita (Latar)

No.	Latar	Cutatan	Kode Data

Tabél 3.3 Fakta Carita (Tokoh)

No.	Tokoh	Pasipatan	Cutatan	Kode Data

Tabél 3.4 Fakta Carita (Alur)

No.	Alur	Cutatan	Kode Data

Tabél 3.5 Sarana Carita (Judul)

No.	Cutatan	Kode Data

Tabél 3.6 Sarana Carita (Puseur Sawangan)

No.	Puseur Sawangan	Cutatan	Kode Data

Tabél 3.7 Sarana Carita (Gaya Basa)

No.	Gaya Basa	Cutatan	Kode Data

Tabél 3.8 Aspék Sosial (Ékonomi, Agama, Pendidikan, Politik, Moral)

No.	Aspék Sosial	Cutatan	Kode Data

3.5.2 Instrumén Ngolah Data

Kartu Data Analisis Téma	
Kode Data	:
Cutatan	:
Analisis	: (Téma)

Gambar 3.1 Kartu Data Téma

Kartu Data Analisis Fakta Carita	
Kode Data	:
Cutatan	:
Analisis	: Fakta Carita (Tokoh, Galur, Latar)

Gambar 3.2 Kartu Data Fakta Carita

Kartu Data Analisis Sarana Carita	
Kode Data	:
Cutatan	:
Analisis	: Sarana Carita (Judul, Gaya Basa, Puseur Sawangan)

Gambar 3.3 Kartu Data Sarana Carita

Kartu Data Analisis Aspék Sosial Agama	
Kode Data	:
Cutatan	:
Analisis	:

Gambar 3.4 Kartu Data Aspék Sosial Agama

Kartu Data Analisis Aspék Sosial Pendidikan	
Kode Data	:
Cutatan	:
Analisis	:

Gambar 3.5 Kartu Data Aspék Sosial Pendidikan

Kartu Data Analisis Aspék Sosial Ékonomi	
Kode Data	:
Cutatan	:
Analisis	:

Gambar 3.6 Kartu Data Aspék Sosial Ékonomi

Kartu Data Analisis Aspék Sosial Politik	
Kode Data	:
Cutatan	:
Analisis	:

Gambar 3.7 Kartu Data Aspék Sosial Politik

Kartu Data Analisis Aspék Sosial Moral	
Kode Data	:
Cutatan	:
Analisis	:

Gambar 3.8 Kartu Data Aspék Sosial Moral